Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БеквичIого,льилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 13 (6474) 7 март 2016 с. Итни Жумадул авал 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## 8 март – Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо

**Щибаб март бачIингун, магIарул чIужу,**
**МахIмудил хабада лъе ихдалил тIегь.**
**ТIубараб гIумруялъ гIащикъаб ракIалъ**
**Мун кIодо гьаюраб кечI ахIанин дос.**
**Расул ХIамзатов**

ХIурматиял, руччаби!

РакI-ракIалъ баркула нужеда ихдалил байрамазул цояб Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – 8 март. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьарула рекIел хинлъиялъги, тIалабагъазалъги нилъ сверун ккурал, инсанасул гIумруялъе гвангъи ва хIеренлъи кьолел, нилъер хирият, хIеренал улбул.

ЧIужугIаданалъул квеяразги, махщалицаги, гIакълуялъги гIуцIула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, гьелъ кIудияб жавабчилъи цIикIкIараб бакI ккола жакъасеб гIумруялда. Дагъаб хIалтIи гуро руччабаз гьабулеб бугеб гIолеб гIелалъе тарбия-лъай кьеялъулъги, халкъалъе медицинаялъул, маданиял, социалиял хъулухъал гьариялъулъги. Гьей киданиги къуркьичIо кваразал рагъул соназдаги, ракълилаб захIматалъул къоялдаги, гьей кидаго йиго бихьиназда цадахъ ВатIан цебетIезабиялъе гIоло къеркьолезул кьеразулъ.

ТIаде щолеб бугеб гьайбатаб байрамги баркун, бокьун буго, районалъул тIолалго руччабазе гьаризе гIумруялъул талихI, рохел, щулияб сахлъи, гьабулеб ишалъулъ икъбал. Бихьугеги киданиги рагъ-кьалги, кваралиги, биччанте кидаго киназдаго тIад роцIараб зобги, гвангъараб бакъги букIине.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев,**
**районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ТIЕРХЬУНАРЕЛ ЦIВАБИ

## РагIулъ буго балъголъи...

### МахIачхъалаялда тIобитIана Инхоса ГIали-хIажиясул гIумру ва асарал рагьулеб гIелмияб сессия

**2016 соналъул 26 февралалда Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIазул, литератураялъул ва искусствоялъул институталда (ИЯЛИ ДНЦ РАН) тIобитIана аваразул литератураялъе къучI лъурав классик, философ, гIалимчи Инхоса ГIали-хIажи гьавуралдаса 170 сон тIубаялъул хIурматалда юбилеялъулаб гIелмияб сессия.**

Гьеб данделъиялда гIахьаллъана Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб мацIазул, литератураялъул ва искусствоялъул институталъул директор **МухIамад МухIамадов,** Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул председатель, халкъияв поэт **МухIамад АхIмадов,** «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул** нухмалъиялда Гумбет районалъул делегация, Дагъистаналъул муфтиясул заместитель **МухIамад ХIажиев,** рахунел унтабазул республикаялъул централъул бетIерав тохтур, гIелмабазул доктор МухIамад МухIамадовас. Гьес жиндирго кIалъаялда баян гьаруна Инхоса ГIали-хIажица гIумру гьабураб (1845-1889), XIX



Инхоса ГIали-хIажиясул наслуялъул чи **МуртазагIали МухIамадов,** гIелмиял институтаздаса, вузаздаса гIалимзаби, студентал, школлъимал ва цогидалги.

Сессия рагьана РАНалъул ДНЦялъул ИЯЛИялъул директор, филологиялъул гIелмабазул доктор МухIамад МухIамадовас. Гьес жиндирго кIалъаялда баян гьаруна Инхоса ГIали-хIажица гIумру гьабураб (1845-1889), XIX гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялда рукIарал маданият ва литературият лъугьа-бахьинал, жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIал.

Конференциялда докладал гьаруна ДГУялъул доцент **Маржанат ХIажиахIмадовалъ** («Особенности поэтического стиля Али-гаджи их Инхо»), филологиялъул гIелмабазул доктор Чакар Юсуповалъ («Сатирическая лирика Али-гаджи из Инхо»), филологиялъул гIелмабазул кандидат **Шанисат ХIажиловалъ** («Диалог времен: Али-гаджи из Инхо и современность»), РАНалъул ДНЦялъул ИЯЛИялъул мацIазул цIех-рех гьабиялъул отделалъул заведующий МухIамад МухIамадовас («Язык произведений Али-гаджи из Инхо»), гьебго институталъул гIелмияв хIалтIухъан **АсхIабгIали ГIабдусаламовас** («Рациональные и эмоциональные начала в произведениях Али-гаджи из Инхо») абурал темабазда.

Дагъистаналъул маданияб гIумруялъулъ Инхоса ГIали-хIажиясул рухIияб ирсалъул, машгъурав поэтасул, философасул гIакъилал асаразул кIудияб кIваралъул бицана жидерго кIалъаязда Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул председатель МухIамад АхIмадовас, республикаялъул муфтиясул заместитель МухIамад ХIажиевас, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас, информациялъул «Гумбет» отделалъул нухмалъулев, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член **ХIамзат ГIизудиновас,** рахунел унтабазул республикаялъулаб централъул бетIерав тохтур, Инхоса ГIали-хIажиясул наслуялъул чи МуртазагIали МухIамадовас, Дагъистаналъул гуманитарияб институталъул кватIисел улкабазул мацIазул кафедраялъул доцент **Шамил МухIидиновас** ва цогидазги.МахIачхъала шагьаралъул № 7 школалъул цIалдохъабаз рекIехъе рикIкIана Инхоса ГIали-хIажиясул кучIдул. Сессиялъул хIасилазда рекьон, кватIибе биччазе буго Дагъистаналъул литератураялъул классик Инхоса ГIали-хIажиясул гIумрудул ва творчествоялъул хIакъалъулъ докладал ва кIалъаял рахъараб брошюра.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:

**Пачалихъалъул хIакъ 337,7 % тIубанила**

-2 гъум



**МелъелтIа рахьдал мацIалъул къо**

-2 гъум



НИЛЪЕР ИХТИЯРАЛ

## Пачалихъалъул хӀакъ 337,7 % тӀубанила

### МФЦ, СНИЛС, ИНН ва цогидалги хӀалкӀолъаби

**ГӀемерфункциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул хӀалтӀул хӀаракатчилъиялъулгун бакӀалде щун халгъабизе вачӀана, гьеб идара курировать гьабулев, райадминистрациялъул бетӀерасул заместитель, финансазул управлениялъул нухмалъулев РурухӀма Халидов. ГӀемерфункциялъулаб централъул Гумбет районалда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГӀумар МухӀамадовас РурухӀма Халидовасул лъай-хъвай гьабуна пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гӀуцӀиялъул бугеб хӀалалъулгун, бицана «Цогояб гордо» кьагӀидаялда рекьон, МФЦялда жанибго хъулухъ гьабиялъул тӀокӀлъиялъул.**




МФЦялда пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ, ведомствабазда гьоркьоб электронияб бухьен букӀинабиялъул кьагӀидаялда гьабулеб буго (система электронного межведомственного взаимодействия). Пачалихъияб пошлина, налогал лъезе рес буго терминалалдасан, МФЦялъул минаялда жанибго. Электроннияб кьагӀидаялда гьарулел руго пачалихъияб хъулухъалъул порталалда хъвай-хъвагӀай гьабиялъул, СНИЛСалъул запросалъул, пенсиялъул кьадар, ИННалъул баянал лъазариялъул ва цогидал хъулухъал.

РурухӀма Халидовас абуна районалъул бюджеталъул доходалъулаб бутӀа цӀикӀкӀинабиялъе МФЦялъул кӀудияб кӀвар бугилан. Масала, пачалихъияб пошлина районалъул бюджеталде бачӀиналъул планалъулаб тӀадкъай тӀубай 2015 соналъ 337,7 % буго (аслияб кьагӀидаялда федералияб миграционнияб хъулухъалъул ва Росреестралъул).

Гара-чӀвариялда хасаб тӀадчӀей гьабуна муниципалиял хъулухъал гьариялъул болжал халат бахъине течӀого хех тӀуразариялъул, халкъалъе хъулухъ гьаби тӀадегӀанаб даражаялда гӀуцӀиялъул рахъалъ церечӀарал масъалабазда.

**«Гумбет» РИО**

РОСДАЛ ГӀУМРУ

## ЛъаратӀа : Пушкинги, АхӀмадовги, XXI гӀасруги

ЛъаратӀа росдал библиотекаялда тӀобитӀана кучӀдул рикӀкӀиналъул конкурс, гӀурусазул машгьурав поэт Александр Пушкинил кьо кӀодо гьабун. Гьениб гӀахьаллъи гьабуна 1-2 классазул цӀалдохъабаз ва «Милъирщо» ясли-ахалъул чӀахӀиязул группаялъ. Лъималаз цӀалана ва рекӀехъе рицана Пушкинил кучӀдул. Махщел бихьизабуна **Нугъамирза Залумхановас, УхӀумирза Валиевас, Азипат НурмухӀамадовалъ, Расул ХӀусеновас.**

Школлъималаз росдал библиотекаялде экскурсияги гьабуна. Учительница **ПатӀимат Сурхаевалъ** лъималазда бицана тӀахьал цӀунизе ккеялъул, гьел хвезаризе бегьунгутӀиялъул хӀакъалъулъ.

* * *

ЛъаратӀа росдал библиотекаялда тӀобитӀана, Дагъисталъул халкъияв хъвадарухъан **МухӀамад АхӀмадовасул** «Кьоло цоабилеб век» абураб тӀехьалда тӀасан, тӀахьал цӀалулезул конференция. МагӀарул мацӀалъул кьолъул ва хъвадарухъан МухӀамад АхӀмадовас 65 сон тӀубаялъул хӀурматалда тӀобитӀана гьеб тадбир.

Конференция рагьана библиотекаялъул нухмалъулей **Барият ГӀалиевалъ.** ЛъаратӀа гьоркьохъеб школалъул авар мацӀалъул мугӀалим **Мадина ГӀабдулгъаниевалъ** бицана АхӀмадовасул гӀумрудул, творчествоялъул нухалъул. 7-8 классазул цӀалдохъабаз цӀалана АхӀмадовасул «Дагъистаналде», «ВатӀан», « XX век», «МагӀарулал» ва цогидалги кучӀдул.

* * *

ЛъаратӀа росулъ бугеб «Милъирщо» лъималазул ахикь тӀоритӀана «Веселые старты» къецал. ГӀуцӀун букӀана гьитӀичазул кӀиго команда. Лъималаз кварал цӀай, рекери, кӀанцӀи, гӀодосан хъурщи ва цогидалги номерал рихьизаруна. Бергьана «Спецназ» команда.

**Барият ГӀалиева**

ГӀЕЛМУ-ХАЗИНА

## Гъоркь Инхо школалда – ДГТУялъул гӀалимзаби

**Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школа лъугӀунел цӀалдохъабазулгун профориентациялъул хӀалтӀи гӀуцӀизе рачӀун рукӀана Дагъисталъул пачалихъияб техническияб университеталъул преподавателал: техникиял гӀелмабазул доктор, декан ХӀажи-МухӀамад ХӀажишалапов, технологиялъул кафедраялъул заведующий, профессор МухӀамад Ахаев, физикаялъул кафедраялъул доцент НурахӀма МухӀамадов, хӀисабгӀелмуялъул кафедраялъул доцент МахӀач ХӀажиев, 9 ва 11 классазул цӀалдохъабазе гьез бицана техническияб университеталъул хӀакъалъулъ, инженерлъиялъулгун экономическияб факультеталда махщалилал хӀадуриялъул бугеб хӀалалъул, университеталде цӀализе лъугьиналъул кьагӀидабазул, цӀалул завcovered дениялда ругел шартӀазул хӀакъалъулъ.**

Бицана практика кин тӀобитӀулебали, къецазда, олимпиадазда, форумазда, гӀелмиял конференциязда гӀахьал-лъизе студентазул ру



гел ресазул.

Школлъималазе бокьана техническияб университеталдаса гьалбадерица бицарабщинаб, кьуна гӀемерал суалал ва гьезие чӀван кьотӀарал жавабалги кьуна. Гара-чӀвариялдаса хадуб цӀалдохъабазе кьуна информациялъулгун рекламаялъул материал, вузалда кьватӀибе биччалеб «За инженерные кадры» газета.

Школалъул дирекциялъ ДГТУялъул вакилзабазе ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

АВАРАЗУЛ КАЛАМ, ГЬЕЛЪУЛ КАМИЛЛЪИ!

## МелъелтӀа рахьдал мацӀалъул кьо

**25 февралалда Гумбет районалъул МелъелтӀа росдал маданияб централда тӀобитӀана Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацӀалъул кьоялда хурхун «Чияр мацӀ бицунге, нилъерго гъасда» абураб ахӀиялда гьоркь МелъелтӀа аслияб школалъулгун цадахъаб тематический вечер. Гьеб рагьана рахьдал мацӀ цӀунизе ккеялъулги бицунаго, МелъелтӀа росдал маданияб централъул нухмалъулей ГӀазра РурухӀмаевалъ. Тадбир мехщалида бачана МелъелтӀа аслияб школалъул авар мацӀалъул учительница, «Авар мацӀалъул лъикӀав учитель – 2016» конкурсалда кӀиабилеб бакӀ босарай, Шагьзадай Юсуповалъ. ЦӀалдохъабаз байбихьана хоралда «Дагъистан» абураб кечӀ ахӀиялдалъун. Гьез рикӀкӀана авар мацӀалда Дагъистаналъул поэтазул асарал, гьединго кицаби, абиял.**

5-9 классазда гьоркьор тӀоритӀана ункъо номинациялда къецал.

ТӀоцебесеб номинациялда цӀалдохъабаз рикӀкӀана улкаялде, росдаде жидецаго гьарурал кучӀдул. КӀиабилеб номинациялда букӀана жидеего бокьарав хъвадарухъанасул образ гӀуцӀизе. Гьез бихьизабуна ХъахӀаб росулъа МахӀмудил, Фазу ГӀалиевалъул, ЦӀадаса ХӀамзатил, ПатӀимат АхӀмадибировалъул образал (кьагӀидаби). Лъабабилелда букӀана жидеего бокьараб умумузул цебесеб гӀадат бихьизаби. ЦӀалдохъабаз бихьизабуна бахӀарай лъадае ячин, гьо




бол къабул гьави, цӀад гьари, цӀоросаролъ чӀучӀуне гвай, умумузул кьурди. Ункъабилеб номинация букӀана умумузул квен гьабун, гьеб хӀадурулеб кьагӀидаялъул хӀакъалъулъ бицине.

Ункъабго номинациялъул хӀасилал гьарун тӀоцебесеб бакӀ ккуна 8 ва 7 классаз, кӀиабилеб бакӀ 6 классалъ, лъабабилеб бакӀ бикьана 9 ва 5 классазда гьоркьоб. МелъелтӀа росдал маданияб централъул рахъалдасан бергьарал классазе ва щибаб номинациялда бакӀал ккурал цӀалдохъабазе кьуна гӀарцулал сайгъатал.

Хадуб поэтесса **ПатӀимат АхӀмадибировалъ** цӀалана авар мацӀалде гьабураб кечӀ. МелъелтӀа аслияб школалъул нухмалъулей **Зульфия ХӀажимурадовалъ** бицана магӀарул мацӀалъул кьимат гьабизе ккеялъул.

Тадбир лъугӀана киназго цадахъ «МагӀарулал ругел лъикӀал гӀадамал» абураб кечӀ ахӀиялдалъун.

**ГӀайшат Исламбиева**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Напоминание о сведениях по форме 2 НДФЛ за 2015 год

Межрайонная ИФНС России № 12 по РД доводит до сведения руководителей и бухгалтеров предприятий, организаций, учреждений и предпринимателей без образования юридического лица, не зависимо от форм собственности и применяемого налогового режима, о необходимости своевременного представления сведений о доходах физических лиц и суммах начисленных и удержанных налогов за 2015 год в налоговую инспекцию в срок до 01.04.2016 года.

Указанные сведения представляются на магнитных носителях.

Согласно ст. 126.1 НК РФ не представление в установленный срок налогоплательщиком в налоговые органы сведений или представление сведений в искаженном виде влечет взыскание штрафа в размере 500 рублей за каждый не представленный документ, а так же в соответствии с пунктом ст. 15.6 КоАП РФ должностные лица привлекаются к административной ответственности в виде штрафа в размере от 3 до 5 минимальных размеров оплаты труда.

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Аргванинский”»

**От «19» января 2016г. № 2** **Решение** **с. Аргвани**

## «Об утверждении отчета о исполнении бюджете МО «Сельсовет “Аргванинский”» за 2015 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Аргванинский”» , послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Аргванинский”» за 2015год Собрание депутатов:

**РЕШАЕТ:**

Утвердить отчет об исполнении бюджет МО «сельсовет Аргванинский» Гумбетовского района за 2015 год

По доходам в сумме 5258,6 тыс. рублей согласно приложении №1к настоящему решению

По расходам в сумме 4602,4 тысяча рублей согласно приложении №2 к настоящему решению.

Для информирования населения настоящее решение опубликовать в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**Х.З. Магомедов**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет “Аргванинский”» от «19 « января 2016 г. №2**

### Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Аргванинский”» за 2015 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов: Администратор | Вид доходов: Группа | Вид доходов: Подгруппа | Вид доходов: Статья и подстатья | Вид доходов: Элемент | Подвид доходов | КОСГУ | План на 2015 год | Фактически исполнено за 2015год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 182 | 1 | 01 | 02010 | 01 | 1000 | 110 | 150,0 | 156,0 | 104,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 182 | 1 | 06 | 01030 | 10 | 0000 | 110 | 151,0 | 157,6 | 104,4 |
| Единый сельскохозяйственный налог | 182 | 1 | 05 | 03000 | 00 | 0000 | 110 | 4,0 | | |
| Земельный налог | 182 | 1 | 06 | 06033 | 10 | 1000 | 110 | 370,0 | 382,2 | 103,3 |
| Государственная пошлина | 000 | 1 | 08 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | | |
| **ПРОЧИЕ НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ** | 000 | 1 | 00 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | | 1,8 | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | 000 | 8 | 50 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | **675,0** | **697,6** | **103,3** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | 001 | 8 | 70 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | **4559,8** | **4561,0** | **100,0** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | 001 | 2 | 02 | 01001 | 10 | 0000 | 151 | **3287,1** | **3288,3** | **100,0** |
| Субсидии в.т числе | 001 | 2 | 02 | 02000 | 00 | 0090 | 151 | **1204,7** | **1204,7** | **100,0** |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | | | | | | | | 653,7 | 653,7 | 100,0 |
| *Субсидии бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | | | | | | | | 551,0 | 551,0 | 100,0 |
| **Субвенции** | 001 | 2 | 02 | 03000 | 00 | 0090 | 151 | 68,0 | 68,0 | 100,0 |
| | в том числе | | | | | | | | | |
| ЗАГС | **001** | 2 | 02 | 03003 | 05 | 0000 | 151 | 15,0 | 15,0 | 100,0 |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | **001** | 2 | 02 | 03015 | 10 | 0000 | 151 | 53,0 | 53,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | 000 | 00 | 00 | 00000 | 00 | 0000 | 000 | 5234,8 | 5258,6 | 100,5 |

**Приложение №2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения**
**«Сельсовет “Аргванинский”» за 2015 год от 19 января 2016 г. №2**

### Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Аргванинский”» за 2015 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2015год | Кассовые выплаты за 2015 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **5317,7** | **4602,3** | **86,5** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | 2257,7 | **2048,5** | **90,7** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 0020400 | 1890,7 | 1703,1 | 90,1 |
| Резервный фонд | 001 | 01 | 11 | | 20,9 | | 0,0 |
| Другие общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 13 | 0029900 | 346,1 | 345,4 | 99,8 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **53,0** | **53,0** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9995118 | 53,0 | 53,0 | 100,0 |
| **Национальная безопасность и правохранительная деятельность** | **001** | **03** | **00** | | **15,0** | **15,0** | **100,0** |

**(Продолжение -на 4 стр.)**

(Начало - на 3 стр.)

**Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет “Арганинский”» за 2015 год**

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 3615930 | 15,0 | 15,0 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | **653,7** | **653,7** | 100,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 3159802 | 653,7 | 653,7 | 100,0 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | 1342,4 | 966,0 | 72,0 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 6000500 | 1342,4 | 966,0 | 72,0 |
| **Образование** | ***001*** | ***07*** | ***00*** | | 16,7 | | 0,0 |
| Молодежная политика | 001 | 07 | 07 | 4310100 | 16,7 | | 0,0 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | 726,9 | 726,9 | 100,0 |
| Культурно- досуговый центр | 001 | 08 | 01 | 4409900 | 726,9 | 726,9 | 100,0 |
| **Социальная политика** | ***001*** | 10 | 00 | | **35,0** | **25,7** | 73,4 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | 001 | 10 | 01 | 4910100 | 35,0 | 25,7 | 73,4 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | 5129701 | 133,5 | 29,7 | 22,2 |
| **Опека и попечительство** | ***001*** | ***10*** | ***04*** | ***5201320*** | 18,8 | 18,8 | 100,0 |
| **Проведение выборов** | **001** | **01** | **07** | | **65,0** | **65,0** | **100,0** |
| Проведение выборов органов местного самоуправления | 001 | 01 | 07 | 0700500 | 65,0 | 65,0 | **100,0** |

ЧIАЛДА МОХМОХ БИЦЦАЛЪАГИ

# ХIамие чури тIе, чое кIалцIи бай...

**Гумбет районалъул ветеринариял управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевгун дандчIвана «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъан ва гьесие чанго суал кьуна.**

**- ГIали, бицинарищ кьокъго араб соналъул хIалтIул хIасилазул?**

- Абизе бегьула араб соналъул хIалтIул хIасилал нижер лъикIал кканин, ай тIуразаруна нижеда цере лъурал аслиял масъалаби. Масала, районалда бруцеллезалъ унтараб боцIи тIатинаби мурадалда бахъана 19488 хIайваналдаса би. Гьелъул хIасилалда тIатана 16 хIайван бруцеллезалъ унтараб. Гьединго би бахьана микьазарго гIиялъажоялдасаги. Гьезулъ тIатинчIо цониги бруцеллезалъ унтараб чахъу. Би бахъараб боцIуда гьаруна бруцеллез тIибитIунгутIиялде данде уколалги.

Гьаруна уколал кьочIол унтиялде (сибирская язва) 32849 хIайваналда, 190724 гIиялъажоялда. Ящуралде данде 26346 чIегIерхIайваналда ва 98196 гIиялъажоялда. Руго цогидалги гьарурал гIезегIанго хIалтIаби.

Гьединго 2015 соналда Дагъистаналда баккун букIана боцIулъ ва гIиялъ чанхъил унти. Гьеб баккун букIана нилъер районалъул лъаратIисезул, гьарадирихъезул ва цIилкъадерил (Шава) хъутабазда. Гьеб унти тIибитIичIого букIин мурадалда сентябрь моцIалдаса байбихьун хъутабазда бугеб 6732 хIайваналда ва 112540 гIиялъажоялда гьаруна уколал.

**- Хъутабазде гIи-боцIухъабазухъе щун рукIанищ?**

- Щола нижер хIалтIухъаби хъутабаздеги. ГьабсагIат гьениб гIи-боцIуда хасел тIами лъикI унеб буго, гьечIо квалквал, буго гIураб къадар ргIи-хер.

**- ГьабсагIат ветеринаразда церечIарал масъалаби кинал ругел?**

- Ветеринаразда церечIарал масъалабаздасан цоябльун ккола ихдал боцIи къватIибе бахъиналде щибаб росулъе ун бруцеллезалде данде уколал гьари. Гьединго гьаризе ккола хIунсул ва кьочIол унтиялде данде уколал. Гьел хIалтIаби гьаризе нижеца байбихьун буго ИгIали, Щабдухъ росабалъ ва хъутабазда.

**ГIайшат Исламбиева**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

ВатIан цIунулезул къоялъул хIурматалда, 24 февралалда ЛъаратIа росулъ тIобитIана «Зарница» хIай. Гьеб тадбир гIуцIана ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул директорасул хIаракаталдалъун, гьоркьоб гIахьаллъи гьабуна ЛъаратIа маданияб централъул хIалтIухъабазги.

9-11 классазул цIалдохъабазул кIиго команда гIуцIун букIана: «Орлы» ва «Беркут». Бергьана «Беркут» команда.

**Барият ГIалиева**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Гъоркь Инхо Бергьенлъиялъул хIаял

Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалда 9-10 классазул цIалдохъабазда гьоркьор тIоритIана рагъулалгун спортивиял «Бергьенлъи» хIаял. Гьел тадбиразул мурадлъун букIана спорталде ва физкультураялде гIолеб гIелалъул рокьи бижизаби, гьезул сахлъи щулалъизаби, Россиялъул яргъилал къуватазда хъулухъалде школлъимал хIадур гьари, хIажат гьечIел, зарралиял ишаздаса гьел рикIкIад чIезари.

**«Гумбет» РИО**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# УзунхIажи ГIалиев

**2016 соналъул 27 февралалда гIумруялдаса ватIалъана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, рагъул ва захIматалъул ветеран Ингишо росулъа УзунхIажи ГIалиев.**

УзунхIажи ГIалиев гьавуна 1920 соналда Ингишо росулъ. 7 класс лъугIун хадув хIалтIизе лъугьана Ингишо байбихьул школалъул мугIалимлъун. 1940 соналда УзунхIажи ана Армиялда хъулухъ гьабизе. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб заманалда гьес хъулухъ гьабулев букIана Монголиялъул гIорхъода. КьогIал рагъулал соназдa гьес цIунана ВатIаналъул гIорхъаби миллитаристияб Японияялдаса. КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун хадубги гьес рагъулаб хъулухъ гьабуна Советияб Армиялда. Росулъе тIад вуссана 1946 соналъ.

УзунхIажи хIалтIана МелъелтIа, Цилиль, ЛъаратIа, Ингишо школазда мугIалимлъун. ЛъугIизабуна Буйнакскиялъул педучилище ва ДГУялъул тарихалъулаб факультет. ГIун бачIунеб гIелалъе гьес тарбия ва лъай кьуна 50- ялдасаги цIикIкIун соналъ. Гьев гIемер вахъунаан гара-чIвариялгун цIалдохъабазда ва гIолилазда цеве рагъулабгун патриотикиял темабазда.



«Гумбет район» муниципалияб районалъ, райадминистрациялъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала УзунхIажил лъимал – хъизаналда, гIагарлъиялда.

Хварасе алжан насиб гьабеги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

РОДИНА-МАТЬ ЗОВЕТ

# Крымская весна

Проводится отбор офицерского состава запаса для прохождения военной службы по контракту в в\ч Черноморского флота по следующим военно–учетным специальностям:

ВУС – 0944001;
ВУС – 070100;
ВУС – 470100
ВУС – 901000;
ВУС – 901200;
ВУС – 901301, 901302 (хирургия общая в наземных войсках и на кораблях)
ВУС – 901400 (анестезиология и реаниматология) Желающим по вопросам поступления на военную службу по контракту обратиться: с. Дылым Казбековского района, отдел ВКРД по Казбековскому и Гумбетовскому районам, тел. (279) 2 – 13- 01 –(02).

**Арсен Магомедов, начальник отдела ВКРД по Казбековскому и Гумбетовскому районам**

ЗИГАРА

«Гумбет район» муниципалияб районалъ, райадминистрациялъ гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара бала «ЧиркейГЭСстрой» идараялъул нухмалъулев МухIидин МухIидиновасда **ЭБЕЛ** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хваралъе алжан насиб гьабеги.

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.